

TWA TANBOU

Traducción Criollo haitiano - Español

**Twa Tanbou
Kap fè yon diskisyon
Yon gwo dimanch maten
Lè yo sot nan Ginen**

**Yon Ti Kata
Yon Tanbouren
Yon Gwo Boula**

**Boula rete li di
Li di li ka frape pi fò
Boula rete li di
Se li ki ka frape pi fò**

**Tanbouren di li gen pi bèl son
Li di “lè map site, se rete tande”**

**Kata ki tap koute, li rete li move
Li pa te ka konprann kouman de kamarad,
Ki abiye ak menm rad
Ki pitit menm manman
Chita ap fè deblozay**

**Yon bon jou Madigra, Kata tonbe zouke
Dènye moun ki te la yo tout tonbe danse...**

**Tanbouren ak Boula kite la ap tande
Pou fè fèt la pi bèl: yo tou fon ribanbèl**

**Jou sa-a
Yo chante yon chante ke'm pap janm bliye:**

**Tout tanbou ki dispèse
An nou kole zepòl
Poun fè la vi pi bèl**

-Louis Marie Celestin

*Tres tambores
Estaban discutiendo
Un hermoso domingo por la mañana
Volviendo de Guinea*

*Un pequeño Kata...
Un pequeño Tamboril...
Un gran Boula...*

*Boula dijo
Que él podía sonar más fuerte que todos
Boula dijo
“Yo puedo sonar más fuerte que todos!”*

*El Tamboril dijo “Yo tengo el sonido más hermoso”
Él dijo “cuando yo sueno, hagan silencio y escuchen!”*

*El Kata, que estaba escuchando todo, se enojó
No podía entender cómo dos soldados
Usando el mismo uniforme
Y siendo hijos de la misma madre
Estaban haciendo semejante escándalo.*

*Un día de Carnaval, El Kata empezó a tocar “zouk”
Y todos empezaron a bailar...*

*El Tamboril y el Boula estaban allí escuchando
Y para haser la fiesta más divertida, empezaron a sumarse*

*Ese día,
Todos cantaron una canción que nunca olvidaré:*

*Todos los tambores dispersos por ahí
Unámonos lado a lado
Para hacer la vida más hermosa.*